

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Pangajaran nulis di sakola kawilang penting sabab pikeun ngamekarkeun daya imajinasi jeung kréatifitas siswa dina ngedalkeun pangrasa jeung pamikiran anu diébréhkeun kana wangun tinulis. Tapi, dina prakprakanana loba siswa anu ngarasa bingung nalika nulis. Salah sahiji faktorna nya éta cara ngajar anu dianggap masih konvensional sarta langka ngagunakeun média pangajaran.

Guru diperedih kréatif dina nyieun media pembelajaran, kudu bisa nyieun inovasi dina sistem ngajar, sangkan siswa teu jenuh ku materi anu geus aya. Jadi, siswa ogé bisa leuwih ngalenyepan eusi materi anu diajarkeun ku guruna, jeung siswa bisa leuwih kreatif dina diajar.

Média pangajaran lamun dijujut tina wangun ungkara “média pangajaran”. Diwangun ku kecap média jeung pembelajaran. Sacara étimologis média asalna tina bahasa Latin, nya éta ‘medius’ anu mangrupa wangun jamak tina kecap ‘medium’ anu hartina tengah, perantara, atawa panganteur (Sadiman, 2012, kc., 31). Béda deui halna jeung wangenan média. Pangajaran nya éta gumulungna proses diajar kalawan udagan bisa nyiptakeun hiji parobahan sikep ti unggal individu, boh nu ngajarna boh anu diajarna (Daryanto, 2013, kc.,2)

Nulis mangrupa kagiatan ngébréhkeun ideu atawa gagasan ngagunakeun basa tulis minangka média dina nepikeun éta ideu atawa gagasan. Nulis mangrupa kaparigelan basa anu kudu dicangking ku siswa salaku peserta didik lian ti maca, ngaregepkeun, jeung nyarita. Ieu kaparigelan basa kacida pentingna pikeun siswa dina narima materi pangajaran di sakola.

Unggal manusa miboga ide/gagasan jeung kahayang anu kudu diwujudkeun sacara nyata. Cara ngawujudkeunana tangtu aya ku sababaraha cara, salah sahijina nya éta ku ayana wangun tulisan. Ku ayana wangun tulisan tangtu bisa jadi salah sahiji ngébréhkeun sagala eusi pamikiran, ngaekspresikeun naon anu aya dina rasa jeung pikiranana.

Kagiatan nulis ogé masih kénéh jadi bahan panalungtikan anu kawilang remen ditalungtik ku panalungtik séjénna, kusabab loba pasualan anu

Halimatussadiyah, 2022

MEDIA STORYBIRD DINA PANGAJARAN NULIS CARITA PONDOK (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

karandapan di sabudeureun pangajaran nulis tina rupaning panalungtikan anu kungsi ditalungtik saméméhna. Katiten, tingkat kamampuh siswa dina nulis ti mimiti SD nepi ka SMA ogé sawatara mahasiswa paguron luhur masih kénéh asor dina kaparigelan nulis. Dumasar panalungtikan anu dilakukeun ku Heryaneu (2015, kc. 43) kurangna kamampuh siswa kana nulis, kusabab siswa anu kurang aktif dina prosés pangajaran, anapon faktor anu mangaruhan di antarana: (1) Kurang kairut dina basa anu diajarkeun; (2) kurang dipraktékkeun dina kahirupan sapopoé; (3) kurang maham dina pangajaran anu keur dipaluruh; (4) média pangajaran anu jarang digunakeun; (5) métodeu pangajaran anu monoton; (6) kurangna interaksi dina pangajaran, anu antukna siswa jadi pasif.

Nulis mangrupa salasahiji tina opat kaparigelan basa anu dasar (nyarita, ngaregepkeun, nulis, jeung maca). Di antara kaparigelan basa nu séjénna, nulis mangrupa salasahiji kaparigelan basa anu teu bisa dicangking ku unggal jalma. Kitu ogé dina kontéks akademisi, nulis jadi hal anu héngkér, contona saperti nulis artikel ilmiah, ésai, laporan, jsb. Dina jaman kiwari, kaparigelan nulis kaasup kana kaparigelan anu mikabutuh pamikiran anu kritis (*critical thinking*) jeung kamampuh literasi (*literacy skill*), tur geus jadi kaparigelan basa lanjutan (*advanced linguistic skill*) (Nurseto 2011, kc.,2).

Nulis kaasup kana kagiatan literasi, ieu pamadegan luyu jeung anu ditétélakeun ku Rahman (2018, kc.,3) yén kagiatan maca jeung nulis mangrupa literasi dasar. Nulis jadi kabutuhan pikeun siswa dina kahirupan sapopoé. Utamana dina pangajaran di sakola. Siswa moal leupas tina nu ngaranna pangajaran. Rahman (2018) nétélakeun yén pangajaran mangrupa média pikeun ngafasilitasi siswa kana kamekaran, kaparigelan jeung ngawangun méntal anu kuat, hususna dina kaparigelan nulis.

Carita pondok nyaéta karangan rekaan (fiksi) anu wangunna pondok sarta ngan ukur ngasongkeun hiji peristiwa. Carpon umumna nyaritakeun hal-hal anu sipatna réalistis, dicokot tina bebeneran. Carita pondok asalna ti carita lisan anu ngahasilkeun carita-carita kawentar. Ieu carita ditepikeun dina wangun puisi anu mibanda wirahma, kalawan wirahma anu mibanda fungsi minangka pakakas pikeun nulungan jalma pikeun nginget caritana. Bagian-bagian singget tina ieu carita téh, dipuseurkeun kana naratif-naratif individu anu

bisa ditepikeun dina hiji kasempetan pondok. Sakabéh caritana kakara katémbong saupama sakabéh bagean caritana geus ditepikeun.

Storybird nyaéta média nu ngirut pikeun ngajarkeun kamampuh tulis (Anita, 2016a, kc., 27). Ieu téh salah sahiji téknologi pikeun ngarojong alat situs web 2.0 nu bisa ngajadikeun siswa leuwih kréatif jeung imajinatif tina tulisan (Zakaria, spk. 2016, kc., 22). Kréativitas jeung imajinasi bisa dibérékeun ku pilihan gambar nu ngirut, judul, jeung kontén nu alus, tuluy bisa ditambahan ku warna sangkan bisa ngahudangkeun rasa gumbira, sarta bisa dilengkepan ku gambar. Média *Storybird* mangrupa aplikasi nu miboga peran pikeun nyieun carita nu aya gambaran ogé ngagunakeun khayalan atau imajinasi sorangan. Kaonjohan média *Storybird* nyaéta média nu kaintegrasi ku téknologi informasi, ogé geus aya rupa-rupa gambar nu bisa disusun sorangan anu bisa jadi caita nu aya gambaran. (Hapsari, spk 2016., kc. 15). Média *Storybird* cocok pikeun siswa kelas XI ayeuna sabab, siswa kelas XI kaasup generasi milenial nu dekeut jeung kamekaran téknologi.

Pangajaran nulis anu diajarkeun ka siswa salah sahijina nya éta nulis carpon. Pangajaran carpon baris diajarkeun ka siswa SMA Pasundan 2 Kota Bandung. Saluyu jeung materi pangajaran anu geus ditangtukeun dina Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Kurikulum 2013 revisi 2017 yén kagiatan nulis idé-idé dina carita pondok kudu merhatikeun kana struktur jeung aspék kabahasaan, saluyu jeung kagiatan nu kudu di ajarkeun di SMA sabab pangajaran nulis carita pondok aya dina kagiatan jeung kaasup kana bagéan pangajaran basa Sunda. Aya pangajaran nulis carita pondok siswa di SMA aya di kelas XI ditétélakeun yén

3.3 nyaéta menganalisis isi, struktur dan aspek kebahasaan carita pondok. Salian ti éta	4.3 nyaéta nulis carita pondok sederhana ku cara merhatieun struktur jeung kaidah kebahasaan.
---	---

1.1 Tabél

Nulis Carita Pondok dina KD kelas XI

Carita pondok atawa mindeng sok disingkat carpon nya éta wangun karangan (fiksi/rékaan). Nilik kana jumlah kecapna, carpon téh miboga kecap anu leuwih saeutik tibatan novel. Ku sabab singgetna carpon, pelakuna ogé biasana ngan saeutik, ngan saukur dua atawa tilu urang.

Salah sahiji tarékah pikeun ngungkulan masalah di luhur nya éta ku digunakeunna média pangajaran. Média pangajaran kaitung réa macemna, salah sahijina nya éta média *Storybird*. Média ieu gampang ngamangpaatkeunana dina pangajaran, sabab teu perlu ngaluarkeun waragad anu gedé nalika maké ieu média. Dina enas-enasna, média *Storybird* téh nya éta ngagunakeun handphone anu disusun sacara sistematis ngarangkay anu ngahasilkeun hiji carita pikeun népikeun materi pangajaran sangkan siswa bisa mekarkeunkeun kreatifitas nulis.

Lian ti éta panalungtikan anu nagrojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan anu dilakukeun ku Widhianti Putri Hutami (2020) Pengaruh Penggunaan Website *Storybird* Terhadap Keterampilan menulis Kreatif Pada Mata Pelajaran Bahasa Inggris (Hasil dina ieu panalungtikan nétélakeun yén média storybird bisa ningkatkeun kamampuh siswa dina kaparigelan nulis carpon siswa kelas XI di SMA Negri Margahayu Taun Ajaran 2019/2020) sacara signitifikan. Ogé aya panalungtikan anu dilakukeun ku Noor Fitria Ramadhani (2017) Pengembangan Model Pembelajaran Membaca Berbasis *Storybird* di SDN Tlogoharum 02 Pati Tahun Ajaran 2016/2017. Hasil dina ieu panalungtikan nétélakeun yén média storybird bisa ningkatkeun kamampuh siswa dina kaparigelan maca siswa kelas 2 di SDN Tologo harum 02 Taun Ajaran 2016/2017) sacara signifikan.

Niténan sawatara masalah di luhur, ku kituna perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan média *Storybird* dina pangajaran nulis carita pondok. Tujuan panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina nulis antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média *Storybird*. Ku kituna, ieu panalungtikan anu dijudulan Média *Storybird* dina pangajaran nulis carita pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 3 SMA Pasundan 2 Kota Bandung Taun Ajar 2022/2023). Perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sawatara hal anu bisa diidéntifikasi pikeun ditalungtik, nyaéta:

- 1) ayana pasualan kurangna kamampuh kaparigelan siswa kana nulis carita pondok.
- 2) média pangajaran *Storybird* tacan kungsi dipaké dina pangajaran basa Sunda, hususna dina matéri carita pondok.
- 3) média pangajaran nulis carpon nu dipaké di éta sakola kurang ngirut pikeun siswa, nu ngurangan karep siswa dina diajar nulis carita pondok, tur mangaruhan kana kahontalna tujuan pangajaran nu dipiharep.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus dijéntrékeun di luhur, sangkan nu rék dianalisis tur dipedar dina ieu panalungtikan puguh ambahanana ogé puguh watesanana, masalah dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap:

- 1) kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung saméméh ngagunakeun média *Storybird*?
- 2) kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung saenggeus ngagunakeun média *Storybird*?
- 3) naha aya béda anu signifikan antara kamampuh saméméh jeung saenggeus ngaguankeun média *Storybird* dina pangajaran nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan tangtu miboga tujuan. Anapon tujuan dina ieu panalungtikan panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu tujuan panalungtikan téh pikeun nguji larapna média *Storybird* saméméh jeung saenggeus dilarapkeun, pikeun ngarojatkeun kamampuh nulis carpon siswa kelas XI MIPA 2 Pasundan 2 Kota Bandung Taun Ajar 2022/2023.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung kasang tukang jeung rumusan masalah ogé dumasar tujuan umum diluhur ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) ngadéskripsikeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung saméméh ngagunakeun média *Storybird*;
- 2) ngadéskripsikeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung sabada ngagunakeun média *Storybird*; sarta
- 3) nguji béda kamampuh nulis carita pondok Sunda siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun média *Storybird*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat kabagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, anu baris diébréhkeun dihandap ieu.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun mekarkeun élmu pangaweruh, salaku bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna, hususna ngeunaan média *Storybird* dina pangajaran nulis carpon Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan aya mangpaat praktisna pikeun

- 1) Mangpaat pikeun guru

Ngaliwatan ieu panalungtikan, guru bisa mikaweruh média pangajaran nu bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis téks pangalaman pribadi, Ogé guru bisa mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks pangalaman pribadi sabada ngagunakeun média *Storybird*.

- 2) Mangpaat pikeun siswa

Siswa bisa miknyaho mangpaat média *Storybird* dina pangajaran nulis carpon, nepi ka minat jeung sumanget siswa kana diajar nulis téks pangalaman pribadi bisa ngaronjat. Ogé bisa dijadikeun salaku hiji stratégi pikeun nyiptakeun siswa nu aktif, kritis, dipikaresep, tur kréatif.

- 3) Mangpaat pikeun nu nalungtik

Bisa dijadikeun motivasi sangkan mampuh nyiptakeun, ngarancang sarta ngamangpaatkeun modél pangajaran nu aya salaku alat pikeun

ngamekarkeun pola pangaweruh, pamahaman, sarta ngarahkeun siswa kana bahan ajar anu pikaresepeun.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dijieun pikeun jadi gambaran eusi panalungtikan kalayan sistematis dina wangun skripsi. Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab, diwincik saperti ieu dihandap.

BAB I Bubuka, ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, ngawengku tiori média pangajaran, tiori média *Storybird*, nulis, carpon, jeung média *Storybird* dina pangajaran nulis carpon. Tuluy, medar ngeunaan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, hipoésis.

BAB III Méthode Panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung pedaran, ngawengku kamampuh nulis carita pondok siswa saméméh maké média *Storybird*, kamampuh nulis carita pondok siswa sanggeus maké média *Storybird*, analisis béda signifikan kamampuh tulis carita pondok siswa XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Kota Bandung antara saméméh jeung sanggeus maké média *Storybird*.

BAB V ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, rékoméndasi ka pamaca, jeung implikasi média *Storybird* boh pikeun guru boh pikeun nu liana dina prosés diajar, hususna pangajaran nulis carpon.